Pou Piblikasyon Imedya: 24/10/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

YO AKSEPTE W! GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE NOUVO INISYATIV POU EDE ELÈV NEW YORK ENSKRI NAN KÒLÈJ AK INIVÈSITE PIBLIK.

Nan kad Eta Leta 2024 Gouvènè Hochul la, SUNY admèt otomatikman jiska 10 pousan elèv nan lekòl segondè ki pi pèfòman yo nan kanpis SUNY ki trè konpetitif yo

Pwogram Nasyonal Admisyon Dirèk pral rann Edikasyon siperyè pi aksesib pou Nouyòkè yo epi ankouraje elèv ki pi pèfòman pou yo rete nan Eta a

Mizanplas la kòmanse ak kèk elèv nan lekol segondè k ap prepare pou enskri pou semès otòn 2025

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman Pwogram Pwomès Premye 10% (Top 10% Promise) SUNY an, k ap kreye yon chemen dirèk pou elèv nan lekòl segondè ki pi pèfòman nan New york pou yo jwenn admisyon epi enskri nan kèk kolèj ak inivèsite SUNY. Gouvènè Hochul premyèman te anonse plan sa a kòm yon pati nan Eta Leta 2024 li a pou ede plis elèv New York benefisye de konbinezon enkonparab aksesib, abòdab, ak ekselans inivèsitè SUNY yo.

"Aksè a edikasyon siperyè gen potansyèl pou transfòme lavi Nouyòkè yo epi chanje trajektwa lavi yon elèv," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ofri elèv New York k ap gradye nan premye 10 pousan klas yo a, yon admisyon dirèk nan kanpis SUNY ki pral ede diminye obstak nan edikasyon siperyè pandan y ap asire elèv nou yo ka kontinye edikasyon yo epi pouswiv rèv yo isit la nan Eta New york."

Pwomès Premye 10% an se yon pwogram admisyon dirèk ki akòde otomatikman admisyon an bay omwen yon kanpis SUNY selektif klas mondyal pou elèv nan lekòl segondè k ap gradye ki gen GPA nan premye 10 pousan nan klas yo epi ki reponn a kritè preparasyon pou omwen yon kanpis SUNY selektif, klas mondyal. Pwogram nan pral antre an vigè pou kèk elèv nan lekòl segondè kap prepare pou enskri pou semès otòn 2025 la.

Nèf premye kanpis k ap patisipe yo se: ***University at Albany***, ***University at Buffalo***, ***SUNY College of Environmental Science and Forestry***, ***SUNY Geneseo***, ***SUNY***

New Paltz, ***SUNY Oneonta***, ***SUNY Polytechnic Institute***, ***Purchase College***, ak ***Stony Brook University***.

Elèv ki nan tout distri lekòl Eta New York yo pral elijib pou patisipe lè Pwomès Premye 10% SUNY an pral antyèman etabli. Nan premye ane a, 68 distri lekòl (ak lekòl chatè endividyèl) atravè eta a te envite pou patisipe an fonksyon kapasite yo pou desèvi kominote riral, iben ak sibiban ki prezante nivo elve advèsite oswa enski yon pati enpòtan elèv yo ki soti nan orijin ki pa gen anpil revni. Premye lekòl segondè k ap patisipe yo reprezante divèsite Eta New York la.

Inisyativ sa a bati sou efò kontinyèl Gouvènè Hochul pou elaji aksè nan edikasyon siperyè epi rann kolèj pi abòdab. Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Hochul te anonse apre ogmantasyon nan limit revni sekirize ki te garanti nan Bidjè Ane Fiskal 25 la, plis pase 40,000 etidyan Eta New York ki fèk elijib te deja soumèt aplikasyon Pwogram Asistans pou Frè Lekòl pou ane akademik 2024-25 la. Anplis de sa, Gouvènè a te anonse semèn pase a ke SUNY, CUNY ak plis pase 50 kolèj ak inivèsite prive nan tout Eta New York te reyini ansanm pou ofri opòtinite enskripsyon gratis pou elèv nan lekòl segondè apati semèn sa a.

Gen gwo prèv ki montre elèv ki gen revni fèb ak byen pèfòme yo enskri, epi rive frekante, enstitisyon edikasyon siperyè mwens selektif nan yon pousantaj ki pi elve pase kamarad yo ki gen plis revni. Plizyè eta, ki gen ladan Texas ak California, ofri tou admisyon dirèk pou elèv ki pi pèfòman yo, e yo konstate politik sa a fè avanse ekite nan sistèm inivèsite yo. Nan Califòrnie, pa egzanp, kote elèv yo dwe konplete tou yon pwogram etid prepare pou inivèsite pou yo elijib nan sistèm UC pou, admisyon yo garanti plisenskripsyon nan inivèsite selektif pou elèv ki pa byen reprezante yo, ogmante pousantaj gradyasyon, ak ogmante revni apre gradyasyon.

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Genyen yon plas nan SUNY pou chak Nouyòkè, e Pwomès Premye 10% SUNY an pral rann li menm pi fasil pou elèv lekòl nan segondè nou yo ki pi pèfòman yo– sitou sila yo ki soti nan fanmi ki gen revni fèb yo – dekouvri valè ekstrawòdinè ak ekselans inivèsitè SUNY. Gras a lidèchip Gouvènè Hochul, nouvo pwogram admisyon dirèk sa a pral avanse ekite edikasyonèl epi ouvri ankò pi gran pòt edikasyon siperyè a."

Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare, "Elèv ki gradye nan premye 10% klas nan lekòl segondè yo te demontre yo kapab ale nan kolèj. Yo se pwochen lidè New York, epi lè nou ofri admisyon dirèk nou ka ede asire bon jan kalite edikasyon yo bezwen pou atenn tout potansyèl yo. Pwogram sa a pral bay plis opòtinite pou elèv ki merite yo pandan yap pèmèt yo aksede a SUNY yon fason transparan."

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Pwogram Premye 10% SUNY an pral bay elèv ki pi pèfòman nan kèk distri lekòl yo admisyon dirèk nan enstitisyon prensipal SUNY ke yo pa ta ka enskri otreman. Sa a se yon pati nan angajman kontinyèl nou pou revitalize edikasyon siperyè ak elaji aksè pou plis elèv nan lekòl segondè. Ansanm ak

envestisman nou yo nan Turning on the TAP nan bidjè eta ane sa a, n ap ouvri wout la pou plis elèv finalman reyalize rèv yo genyen pou garanti yon edikasyon siperyè."

Kirsten Keefe, J.D., Direktris Prensipal Politik ak Defans Enstiti Institute for College Access & Success nan New York, te deklare, "TICAS bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Chanselye King pou lidèchip yo, ki ede asire elèv atravè New York yo konprann ke kolèj se yon opsyon valab pou yo. Anplis efò ki egziste deja pou reponn a bezwen finansye epi ofri elèv yo sipò yo bezwen pou yo jwenn diplòm, anons jodi a montre kijan SUNY ap ede avanse ekite rasyal ak mobilite ekonomik nan Empire State la."

Prezidan Complete College America, Yolanda Watson Spiva, te dekare, "Youn nan premye etap pou jwenn yon diplòm oswa yon sètifika enpòtan se asire ke chak elèv gen yon bon oryantasyon atravè edikasyon siperyè. Eta New York ak SUNY, yon manm ki angaje ak aktif nan Complete College America Alliance depi yo te rejwenn nou nan mwens pase yon ane, te demontre angajman inebranlab yo pou ogmante kantite Nouyòkè ki fini kolèj, kèlkeswa sitiyasyon ekonomik yo. Pwogram Pwomès Premye 10% an se yon pati enpòtan nan pi gwo efò sistèm lan ap fè pou kreye chemen reyalizab nan lekòl segondè pou chak elèv k ap aprann nan eta a."

Direktè Jeneral Nòdès Young Invincibles Sean Miller te deklare, "Pwogram Pwomès Premye 10% SUNY an bay yon opòtinite enpòtan pou elèv pwometè yo, espesyalman sa yo ki soti nan fanmi ki gen revni ba yo, pou yo enskri ak epanouyi nan kanpis SUNY yo. Itilizasyon GPA kimilatif, mezi ki pi egzak nan preparasyon pou kolèj la, ak akseptasyon otomatik elèv ki retire gwo obstak finanye ak administratif ak admisyon nan sipèb lekòl piblik sa yo. Young Invincibles NY ak rezo etidyan nou an bat bravo pou Chanselye SUNY John B. King Jr. ak Gouvènè Hochul paske yo te lanse inisyativ sa a—yon etap enpòtan nan elaji aksè nan edikasyon siperyè, ekite, ak mobilite ekonomik nan New York."

Prezantasyon State University of New York
State University of New York se pi gwo sistèm konplè edikasyon siperyè nan Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2023 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsitè se yon ansyen etidyan SUNY. Pou aprann plis sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite li yo isit la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU